Fon pou Kredi NY Forward



Fon pou Kredi New York Devan (New York Forward Loan Fund, NYFLF) se yon pwogram kredi pou retablisman ki vize pou apiye ti bizinis yo, òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo, ak ti pwopriyetè yo pandan y ap re-louvri apre epidemi COVID-19 la ak NYS on PAUSE (Eta New York ANN ARÈ).

Kondisyon ki Pwopoze pou Fon pou Kredi NY Forward la:

Kalifikasyon

- Ti Biznis ak asosyasyon ki pa la pou fè pwofi ki gen 20 oswa mwens anplwaye ki pa te jwenn yon kredi nan men swa Administrasyon Ti Biznis Small Business Administration, SBA) Etazini, Pwogram Pwoteksyon Chèk (Paycheck Protection Program, PPP) oswa Kredi pou Dezas Chòk Ekonomik (Economic Injury Disaster Loans, EIDL) SBA a.
- Ti pwopriyetè yo ki te pèdi revni poutèt epidemi/arè a la epi ki pa te jwenn yon kredi nan men swa Administrasyon Ti Biznis Small Business Administration, SBA) Etazini, Pwogram Pwoteksyon Chèk (Paycheck Protection Program, PPP) ooswa Kredi pou Dezas Chòk Ekonomik (Economic Injury Disaster Loans, EIDL) SBA a.

To enterè

- Yon to enterè anyèl 3% pou ti biznis yo ak ti pwopriyetè yo.
- To enterè anyèl 2% pou asosyasyon ki pa la pou fè pwofi yo.

Plan Peman

- Kredi a pa padonab ni an pati, ni an antye.
- Kontra 60 mwa ak enterè:
 - 0 a 12 mwa: enterè sèlman peman, peye chak mwa; ak
 - 13 a 60 mwa: enterè ak peman prensipal ak liy amòtisman dwat, peye chak mwa.

Itilizasyon benefis

- Lajan pou fonksyone, ki gen ladan envantè, adaptasyon pou règ distans sosyal, fonksyonnman ak antretyen ann ijans, taks sou pwopriyete Distri a, sèvis piblik, lwaye, atik, elatriye.
- Nou pa pèmèt refinansman okenn lòt kredi.

Rekou

Pa bezwen garanti.

Frè Pretè

Pa gen frè aplikasyon.

Montan Kredi a

- Ti biznis yo ka aplike pou yon kredi ki mwens pase:

 (a) \$ 100,000 oswa (b) jiska 100% revni mwayen pa mwa nan nenpòt ki peryòd 3 mwa ant 2019 oswa premye trimès 2020.
- Òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo ka aplike pou yon kredi pou yon montan ki mwens pase: (a) \$ 100,000 oswa (b) jiska 100% depans mwayèn pa mwa nan nenpòt ki peryòd 3 mwa ant 2019 oswa premye trimès 2020.
- Ti pwopriyetè yo ka aplike pou yon kredi pou yon montan ki mwens pase: (a) \$ 100,000 oswa (b) rediksyon yo prevwa pou revni operasyonèl nèt (nèt siyifi aprè taks) sou 3 mwa ki baze dapre rediksyon reyèl nan revni operasyonèl nèt pou mwa avril oswa me 2020.

Patnè kle yo:



NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY. Development



Homes and Community Renewal

















Pwosesis avan aplikasyon an louvri kounye a pou rejyon ak endistri ki te re-louvri yo. Pou aplike oswa pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan www.nyloanfund.com